Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 22 (7423)
18 Июнь 2020 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багъа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Экзаменал

## Лъай кьеялда хурхарал суалалгун

Районалъул школазул директоралги гІахьаллъараб данделъи букІана I5 июналда районалъул администрациялъул конференц-залалда. Гьенир гІахьаллъана муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадов, замал ГІ-М. МухІамадов ва М. ХІамзатов, лъай кьеялъул отделалъул ва СМИялъул вакилзаби.

Къойил темаялде росун рукІана аттестатал кьей, отличниказе медалал кьей, 2020 соналъул ЕГЭ кьеялде хІадурлъи, цІалул сон лъугІулаго школазда гьабулеб хІалтІул рахъалги.

Жиндирго кІалъаялда лъай кьеялъул отделалъул инспектор-методист М-ХІ. ГІабдурахІмановас бицана медалал щолел выпускниказул, гьединго кІвар буссинабуна лъагІалил цІалул хІасилазухъ балагьун лъолел ругин аттестатазда къиматал,-абун. Нилъеца медалистазул къадар цІикІкІинаби кколарин лъай кьеялъул качество цІикІкІин, бихьизабуна гьелда тІад жеги хІалтІизе кколинги.

ФИС ФРДО установка лъеялъул, промежуточнияб аттестация гьабиялъул, хасаб образецалда документал кьеялъул бицана отделалъул начальникасул ишал тІуралев М. ГІабдурахІмановас. Гьес тІадчІей гьабуна гьеб система школазда лъезе кколин къокъаб заманалда. «Нилъеца анкьго приказ тІубазабизе ккола аттестациялда хурхун. Гьеб нилъеца гьабизеги гьабуна. Аттестатал кьей абуни ине ккола районалъул администрациялъул разилъиялда рекъон»,-ян бичІчІизабуна М. ГІабдурахІмановас.



Жиндирго кІалъаялда ЕГЭ кьеялъул специалист ГІ. МухІамадгІалиевас данделъиялда бицана коронавирусалъул унти тІибитІиялда бан цере лъун ругел тІалабал тІуразаризе кколин. Гьес бихьизабуна экзаменал унеб заманалда пунктал хьезарун рукІине ругин: канцтовараздалъун, техническиял жалаздалъун, санитайзераздалъун, гьава чІезабулел рецеркуляторараздалъун, маскабаздалъун, квердахелаздалъун. Экзаменазул гІуцІарухъабилъун рукІине руго районалъулго учительзаби. Тадбир байбихьилалде гьез методикиял рихьизариязулгун лъай-хъвайги гьабизе ккола.

КІалъалаго общественнияб хІинкъи гьечІолъиялъул рахъалъ зав. М. ХІамзатовас тІадчІей гьабуна РДялъул прокуратураялъул рихьизариял цІунизе кколин экзаменал кьолаго,-абун.

КІалъазе вахъана МБУ «ЕИСалъул» нухмалъулесул ишал тІуралев ХІ-М. ГъазимухІамадовги. Гьес бицана лъай кьеялъул учреждениязул сайтазул мориторингалъул, сайтазул мориторинг тІобитІиялъе районалъул бетІерасул бугеб распоряжениялъулгун гІахьаллъаразул лъай-хъвай гьабуна. Гьенибго гьес школазул директоразе лъикІаблъун бихьизабуна информациялъул хъулухъалгун цадахъ рекъон хІалтІи гьабеян, информация uncukul.ru ва golos-gor. порталалда лъеян.

Данделъиялда гьединго кІалъана школазул директорал. Гьез бихьизабуна лъай кьеялъул хІалтІи лъикІлъиялъе кинабго гьабизе бугин.

Жиндирго иргаялда муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас баркала загьир гьабуна лъай кьеялъул ишалъулъ х1аракатаб х1алт1и гьабулезе.

РФялъул Конституция

## Комиссиял хІажаталдалъун хьезариялъе




I3 июналда хІажатаб къадар СИЗалъул бачІана районалде. Рищиял гьарулеб къоялъ сундулго квал-квал ккунгутІиялъе киналго рахъал цереккунго хІисабалде росун руго. РачІун ругел СИЗазда гьоркьор руго маскаби, квердаххелал, халг1атал, дезинфекция гьабулел ва цогидалги гьаркьал кьолеб къоялъ хІажалъулел жал.

ТИКалда бихьизабухъе хасал цІуниялъулал жал цереккунго рикьизе руго участкаялъулал рищиялъул комиссиязде, гьениб къо тІаде щвелалде букІине ккола кинабго рахъалъ хІадурлъи. ГІицІго комиссиязул членал гурелги хадуб хал кколелги хьезаризе руго цІуниялъулал жалаздалъун.

I июлалда букІине буго РФялъул Конституциялде росулел поправкабазе гьаркьал кьей. Гьеб къоялъ щивав Россиялъул гражданасе рес буго улкаялъул Аслияб Законалде росулел поправкабазул рахъалъ жидерго рагІи абизе.

## Районалъе – меценатасул кумек



Гьал къоязда районалде бачІана «Роснефть-Дагнефть НКялъул» генералияв директор Муслим ГІабдулхаликъович Гендиевасул гуманитарияб кумек. Гьезда гъорлъе уна I000 маска.

РакІалде щвезабилин; М. ГІабдулхаликъовичас чанго нухалъ финансовияб кумек гьабуна районалъул гІадамазе коронавирусалъул захІмалъаби къвинариялъе.

Районалъул администрациялъул хІалтІухъабазул, районалъул Собраниялъул депутатазул, жамгІияб палатаялъул ва дирго рахъалдасан ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабула, Дуе, районалъул гІадамаздехун Дур бугеб ракІ-ракІалъулаб балагьиялъухъ. Гьарула, Дуе, сахлъи, лъикІал къасдал, гьел гІумроялде рахъинариялъе битІккей, талихІ, хадубккунги хІалтІулъ цебетІей.

**ХІурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетІер ГІ. НУРМУХІАМАДОВ.**

## 2020 соналъул ЕГЭ кьей

Араб анкьалда райадминистрациялда социалиял суалазул рахъалъ зам. ГІ.-М. МухІамадовги, лъай кьеялъул жавабиял гІадамалги данде гьарун данделъи тІобитІана районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас.

Къойил темаялде росун рукІана:

- Коронавирусалъул пандемиялъул шартІазда цогоял пачалихъиял экзаменал кьеялъул ва лъай кьеялъул учреждениязда хІажатабщинаб чІезабиялъул суалал.

Совещаниялда бицана ЕГЭ тІобитІиялда цебе помещениязда дезинфекция гьабиялъул. Аудиторазда чІезаризе руго гьава чІезабулел рецеркуляторал, санитайзерал, маскаби, квердахелал ва гь. ц.

ГІ. НурмухІамадовас тІадчІей гьабуна экзаменазул заманалда ток свани хІалтІизаризе генераторал, металлоискателазул рамкаби, станциялъул печатал, хІажатаб къадар кагъат, картриджал ва цогидабги букІинабиялде.

Данделъиялъул ахиралда муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас ЕГЭ кьолезе ва жавабиязе лъикІал хІасилал гьарана ва кинабго рахъалъ цІодорлъи гьабеян бихьизабуна.

## Унтаразул къадар гІодобе ккана

Дагъистаналда гІодобе кколеб буго ахирияб заманалда коронавирусалъ унтаразул къадар. Щибаб къойил республикаялда гьабулеб буго 4030 гІан тестал, гІемерго гІодобе ккун буго цІакъго захІматго унтаразул къадар ва сордо-къоялда жанир кколеб хвалил къадар I00 бахунеб гьечІо. Гьелъ республикаялъул нухмалъиялъ рикІкІунеб буго коронавирусалда хурхун лъураб карантин бахъизе бегьулин.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 22 (7423)
Хамиз
18 Июнь 2020 сон

2 гьумер

Гьаб соналъул І6 июналда РДялъул ЖамгІияб палатаялъ ТІолгороссиялъул партиязул регионалияб отделениязулгун къотІиялда гъоркь гьулбасана РФялъул Конституциялъул поправкабазе гьаркьал кьолел рищиязда хадуб халкквеялъе.

РДялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул тІоцевесев зам., РДялъул НСалъул «Единая Россия» фракциялъул нухмалъулев СайгидахІмад АхІмадов божаравлъун вуго поправкабаз социалиял суалал тІураялъе кумек гьабилин.

**РФялъул Конституция-гьаркьал кьей**

# Гьаракь кьей– гІуцІадго

«Унсоколо район» МОялъул администрациялда І6 июналда букІана РФялъул Конституциялде росулел поправкабазе ТІолгороссиялъул гьаракь кьеялъе хІадурлъи гьабиялде буссараб заседание. Гьениб гІахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсуповас, рищиязул территориалияб комиссиялъул пред. А. Расуловас, общественнияб хІинкъи гьечІолъиялъул рахъалъ бетІерасул зам. М. ХІамзатовас, росабазул бутІруз, Нижный Новгородалдаса ва Татарстаналдаса рачІарал ихтияр цІуниялъул органазул хІалтІухъабаз.

Заседание рагьулаго ГІ. НурмухІамадовас салам кьуна гІахьалчагІазе. Аслияб кьагІидаялъ гьоркьоб лъураб суал данделъиялда букІана Конституциялде гьоркьоре росулел поправкабазе гьаракь кьей.

ТИКалъул пред. А. Расуловас жиндирго кІалъи байбихьана: «ГьабсагІаталда нилъ руго кІудияб политикияб ишалда цере, къабул гьаризе ккола гьенире росулел суалал, гьеб кколелъул нилъер Аслияб Закон. Гьеб гуребги гьаракь кьей ине кколаан 20 апрелалда. Коронавирусалъул инфекция тІибитІиялда бан гьеб босана 2020 соналъул І июлалде. Гьенибго А. Расуловас бихьизабуна гьабсагІаталда территориалиял рищиязул комиссия (ТИК) ва киналго рищиязул комиссиял хІалтІулел ругин букІине кколалеб куцалъ, гьаркьал кьей ине бугин 6 къойида жаниб 25-30 июналда, лъугІизе бугин І июлалда,- абун.

Тадбир унаго власталъул органаз гьел унел бакІазда чІезабизе ккола хІинкъи гьечІолъи. Унсоколо районалда буго 30 рищиязул участка, гьездасан 26 районалъул территориялда ва 4 гъутабазул магІишатазда. А. Расуловас бихьизабухъе рищиязул комиссиязул членал, гьаракь кьолел гІахьалчагІи, хадуб хал кколел, СМИязул вакилзаби. ЦІуниялъе рукІине руго хІажатал жал, дезинфекция гьабулел жал, маскаби, квердахелал, халгІатал рикьизе руго комиссиязда гьоркьор.

Гьаракь кьолезухъе кьезе руго гьеб кьеялъе хасал комплектал: гІарзабазе бланкал СИЗал ва цогидаби. Гьаракь кьолеб мехалъ цІунизе ккола санитарияб дистанция. Комиссиялъул членазул сахлъи цІунизе хІалтІизаризе руго гІадамазе информация кьолел, цоцада хъвай гьечІел кьагІидаби. Гьеб ккола рихьуларел рекламаби, интерненталда роликал, рищиязул комиссиялъул официалиял сайтал. Жидерго ираглда росабазул бутІруз рищиязул участкаби хьезаризе ккола кинабго хІажатабщиналдалъун.



Докладалъул ахиралда А. Расуловас лъазабуна: 2І июналда І0 участкаялда ине ругин заманго щвелалде тІоритІулел гьаркьал кьей, 6 участкаялда, ай гьадинал росабалъ – ХарачІи, МокІсохъ, ЦІатІанихъ, ИштІибури, Колоб, ИнкІкІвалитІа ине буго гьаракь кьей.

Ахиралда ГІ. НурмухІамадовас баркала загьир гьабуна заседаниялда гІахьаллъаразе. Район цебетІеялъе гьабулеб хІалтІудехун жавабчилъигун балагьизе кколин лъазабуна. Хасго гьадинаб хІалуцараб заманалда районалъе квербакъизе рачІарал гьарбадериеги лъикІабщинаб гьарана.

ГІиси-бикъинаб бича-хиси

# Киналго махщелал лъикІал руго

(Нижер гара-чІвари)



КІудияб магІна буго гьел рагІабазул, хІакъикъаталдаги бокьулеб хІалтІул хІасилалги лъикІал рукІуна, гьелъул гІадамазе пайдаги букІуна. Дида гьеб бичІчІана «Рамазан» кафеялъул бетІер МухІамад ГІалиевасулгун гара-чІвари гьабидал. ПредпринимательствалъулхІалтІи МухІамад ГІалиевичас гьабулеб бугелдаса гІемераб заман гьечІо, амма нухлулал кІудияб гъираялда рачІуна Генуб тоннеладасан рачІунаго нухда батулеб гьеб кафеялда кваназе. БатІайиса кинха букІинеб, бокьанагІан цІазе бацІцІадаб гьаваги, бер гІорцІулареб тІабигІатги, тІагІамалда хІадурараб квенги бугелъул гьениб.

**-МухІамад ГІалиевич, кафе рагьизегІан Генуб тоннелалъулъ ва школалда мун электриклъун хІалтІанин абураб жо битІараб бугищ, кин ракІалде ккараб фермерлъун вахъине?**

-У, 34 сонгІан заманаялъ дун хІалтІана электриклъун, хадуб бокьана фермерлъиялъул магІишаталде вазе, амма цересел махщелазде дир кинго ракІ инчІо, гьелъги батила щвалде щвараб бажари гьел махщелазда дилъ бижичІо.

**-ГьабсагІаталда гьабулеб хІалтІуда дур ракІ рекъон бугищ? Щаяли бицани бокьилаан.**

-Буго. У, бокьула кафеялъул хІалтІи, гІадамалгун дандчІвай, тІагІамаб кванидалъун нухлулал рохизари.

**-Кафе дуца рагьун буго гІадатияб гуреб бакІалда. Гьаниб гьеб рагьизе сунца мун тІамурав?**

-У, кафе буго тоннелалде ххарулеб нухда, буго гьеб гІадатияб гуреб гІадаб бакІги, амма гьаб буго берцинаб бакІ, аскІоб буго накІкІил рохь, гьелъул гьава…

**-ГІемерал гІадамалищ нужехъе рачІунел?**

-ГІуралго г1адамал рачІуна, повараз тІагІамаб квен хІадурула, гьелъ гІадамалги цІала гьанире.

**-Кинал квенал рукІунел нужер гьанир?**

-Нижеца нухлулазе хІадурула гІемер батІи-батІиял квенал; кавказалъул, узбеказул, японцазул кухнязда блюдаби хІадурула.

**-МухІамад, чан чи хІалтІулев вугев дур кафеялда? Рази ругищ гьел щолеб мухьалдаса?**

-Кафеялда хІалтІулев вуго ІІ чи, дун гьезие квешав гьечІо, диргун бугеб гьоркьоблъиялда гьел разиги руго, мухьалдасаги рази руго гьел.

**-ЗахІмалъаби дандчІвалел ругищ дуда хІалтІуда?**

-Камуларо. Коронавирусалъул инфекция тІибитІаралдаса къазе ккана кафе, хІалтІухъаби хутІана хІалтІи гьечІого, бажарараб хІалалъ, ай гьадинаб заманаялъ жалго течІого квер чІвалеб буго дица гьезда.

**-Пачалихъалдаса кумек щолеб бугищ дуе?**

-ГІумроялъулъ щиб гьабунги магІишат гьабизе ккола чияс. Дие гІола гьениса бачІараб хайир, гьабсагІаталда захІмалъаби ругониги хьул буго хадубккун лъик1 ккелилан.

**-Мун лъикІалде хьулгин вугищ, дудаго цере масъалаби лъун ругищ?**

-БичІчІула заман захІматаб букІин, амма ахир гьечІеб жо гьечІо. Бихьаралъ къимат бачІинабун хадурккун гІадамал цоцалъ лъикІ рукІинин ккола дида, гъирагун тІад руссинин хьул буго кафеялда гьенир хІалтІулелги.

**-ХІакъикъаталдаги М. ГІалиевич, гьадинаб ахІвал-хІалалъ цолъизе тІамула гІадамал, хадубккун къимат гьабила гьез захІматалъул, цоцалъ лъикІ, бичІчІигун рукІине ругьунлъила гьел. Баркала дуе, интервью кьуралъухъ. Гьарула щулияб сахлъи, хехго бокьулеб ишалде тІад вуссин.**

**П-З МУХІАМАДОВА.**

# СПИСКИ

## избирательных участков Унцукульского района, формированных для проведения голосования и подсчета голосов на предстоящем голосовании по внесению изменений и поправок в Конституцию Российской Федерации

**01 июля 2020 года**

| № изб. участка | **Наименование избирательного участка** | **Описание избирательных участков в границах муниципального образования** | **Местонахождение избирательных комиссий** | **Номера Телефона участковых избирательных комиссий** |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 1477 | Шамилькалинский избирательный участок | В границах домов 13,14,15, 16, 16а, 17, 17а, 18 | Здание Шамилькалинской СОШ | 8 928 517 03 31 |
| 1478 | Шамилькалинский избирательный участок | В границах домов 18а,19,19а,20,8,11,11а,12 | Здание ДОУ № 8 | 8988 636 18 25 |
| 1479 | Шамилькалинский избирательный участок | В границах домов 1,2,4,5,6,21,21а,22,23,23а,о бщ1,2.котеджи | Здание РДК | 8 963 791 08 84 |
| 1480 | Унцукульский избирательный участок | В границах от здания лесхоза до площади им. М.Дахадаева | Здание Унцукульской СОШ № 1 | 8 988 267 44 45 |
| 1481 | Унцукульский избирательный участок | В границах от площади до здания мечети (кавута) | Здание РДК | 8988 771 12 86 |
| 1482 | Унцукульский избирательный участок | В границах от здания мечети (кавута) до старого здания УСОШ № 2 | Здание ДОУ «Ласточка» | 8 989 879 30 34 |
| 1483 | Хинтиминтинский избирательный участок | В границах с. Хинтиминта | Здание филиала художественной фабрики в с. Хинтиминта | 8 9882768946 |
| 1484 | Харачинский избирательный участок | В границах с. Харачи | Здание ФАП | 8928 0577756 |
| 1485 | Моксохский избирательный участок | В границах с. Моксох | Здание Моксохской основной школы | 8 906 447 83 83 |
| 1486 | Балаханский избирательный участок | В границах с. Балахани | Здание администрации с. Балахани | 8 928 286 84 15 |
| 1487 | Зиранинский избирательный участок | В границах с. Зирани | Здание зиранинской нач. школы | 8 928 978 42 60 |
| 1488 | Майданский избирательный участок | В границах с. Майданское | Здание средней школы | 8989 893 47 22 |
| 1489 | Araканский избирательный участок | В границах с. Аракани | Здание администрации с. Аракани | 8 928 875 73 76 |
| 1490 | Араканский заводской избирательный участок | В границах территории Араканского консервного завода | Здание ОАО «Араканский консервный завод» | 8 929 879 46 22 |
| 1491 | Араканский прикутанный избирательный участок | В границах Араканского кутана | Здание МУП «с-з Араканский» | 8 928 962 77 17 |
| 1492 | Новоирганайский избирательный участок | В границах с. Новый ирганай | Здание администрации с. Ирганай | 8 960 410 44 85 |
| 1493 | Ирганайский избирательный участок | В границах с. Ирганай | Здание спорткомплекса | 8 964 006 94 19 |
| 1494 | Гимринский избирательный участок | В границах дома Магомедова Магомеда Кудиява до дома Шамилова Магомеда | Здание Гимринской СОШ | 8963 424 59 79 |
| 1495 | Гимринский избирательный участок | В границах дома Газимагомедова Гусейна до дома Камиловой Халимат | Здание СДК | 8 989 448 45 64 |
| 1496 | Временный поселок избирательный участок | В границах вр. п. Гимры | Здание Гимринской СОШ | 8 963 421 36 35 |
| 1497 | Ашильтинский избирательный участок | В границах с. Ашильта | Здание администрации села | 8 988 772 94 71 |
| 1498 | Кахабросинский избирательный участок | В границах с. Кахабросо | Здание с. Администрации | 8 989 444 85 46 |
| 1499 | Бетлинский избирательный участок | В границах с. Бетли | Здание библиотеки | 8 928 833 73 20 |
| 1500 | Иштибуринский избирательный участок | В границах с. Иштибури | Здание администарции с. Иштибури | 8988 274 8181 |
| 1501 | Колобский избирательный участок | В границах с. Колоб | Здание Колобской начальной школы | 8 988 774 1969 |
| 1502 | Колобский прикутанный избирательный участок | В границах с. Колоб (кутан) | Здание школы | 8 961 2477771 |
| 1503 | Иштибуринский прикутанный избирательный участок | В границах Иштибуринского кутана | Здание «к-з Иштибуринский» | 8 903 427 8086 |
| 1504 | Инквалитинский избирательный участок | В границах с. Инквалита | Здание библиотеки | 8 988 274 8181 |
| 1505 | Цатанихский избирательный участок | В границах с. Цатаних | Здание администрации с. Цатаних | 8 938 782 23 40 |
| 1506 | Новоцатанихский избирательный участок | В границах с. Новоцатаних | Здание Новоцатанихской школы | 8 961 835 42 80 |

**Территориальная избирательная комиссия Унцукульского района**

Коронавирус: редакциялде кагъат

## Баркала, нужее, гIаданлъиялъухъ

Киданиги цебеккун нилъ кантIулареб гIадаб захIматаб, метерисеб къо бачIине хIинкъараб бачIана нилъее гьаб сон. Коронавирус,-ян цIар бугеб цоцаде бахунеб унтиялъ щваралъурго хIалтIабигун чIезарун, чIун хутIана гIумро, гъоркь захматаб унти бугел тIад гьабги чIван ана нилъедаса. Аллагьас гьезул мунагьал чурун ратаги!

Киса-кибего дунялалда тIибитIараб унти бачIана нилъер районалдеги, захIматаб хIалалда хIалтIана нилъер медицинаялъул хIалтIухъаби. Дунго гьеб унтуца унтичIо. Амма унтараз бицаралда рекъон кIудияб захIмалъи баччана киназго гIадин нилъер медиказги. Къаси-къад хIалтIулал бакIал рехун течIого хIалтIана Унсоколо районалъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъул нухмалъиялда гъоркь больницаялъул коллектив. КигIанго жидеего хIинкъи бугеб унти бугониги гIаданлъиги яхIги рехун течIо гьез. Азарго баркала, нужее, больницаялъул коллектив!

**Суайбат ХIАМЗАТОВА**
**Унсоколо росу**

## Во избежание несчастных случаев

Министерство Внутренних Дел по РД в целях профилактики и недопущения несчастных случаев в период летнего сезона обращает внимание на происшествия, связанные с утоплением несовершеннолетних в природных водоемах, реках, озерах в результате купания в неотведенных местах и отсутствием контроля со стороны родителей и иных законных представителей. Анализ статистических показателей по Республике Дагестан свидетельствует, что на территории РД с каждым годом на территории увеличивается количество происшествий (несчастных случаев) с участием несовершеннолетних, связанных с утоплением детей. В связи с чем родители должны ознакомить детей с правилами безопасности на водных объектах, прежде чем дети отправятся в лагеря и туристические походы. Во избежание несчастных случаев связанных с утоплением детей просим родителей быть предельно внимательными, не оставлять без присмотров детей вблизи открытых водоемов, запретить детям купание в запрещенных и необорудованных для купания местах.

**Служба УУП и ПДН ОМВД РФ по Унцукульскому району**

## Кире нуж унел ругел?

Дол нилъер умумаца, бахIарчилъи-яхIалда
ХIур чIвазе толаредухъ борчун букIана рачел,
Фашизмаялъ халкъалда кверщел гьабизе толел
Тушман жидер кколилан, хIапдолеб Украина!

Немцазул чакмабакьа, нуж рахъизе рухI кьурал
Эзул занал гъуризе нужер бугеб гьира-шавкъ.
Улкаялъе хилиплъун тушманасе хIеларал
БахIарзалилан рикIкIун рорхулел памятникал.

Немцазул дагIба гьечIо, бичIчIула жидер гIайиб
Япониязда лъана лъида тенкаралали,
Тенкоге мадугьалихъ кьижараб гьалбацIалда,
ДагIбалъе тункарал, лъутанин тIажал гъоркь тун.

Поляказ хIал бихьараб, шведазул къасд лъураб
Къуват Иванил цIикIкIун нахъе тIуризе ккарал,
Ладога хIоринире нуж гьанкъизе рехулев
Александр Невский макьилъ цеве тIамич1ищ?

Бецав Кутузовасул къвакIараб зар ботIролъ щун
ТIурулев Наполеон, нужехъан гурищ арав?,
ГIусманиязул малакь мерхьунел нуж течIелъул
К1очарав щай нужеда нахъа хут1араб г1умро.

Къого миллион чияс рухI кьураб гIассияб рагъ
Сталинил гIайиблъун букIанин чIезабулеб,
ГIалам рухIулел печал лъил ракьалда рукIарал
Вогонал цIун руччаби, нужер кирехун арал?

ГIурус мацIалъ кIалъазе халкъ гьукъараб законалъ
Крым Россиялде ин гьелъул баракат гурищ,
Кузбасгин Донбасалде балеб бугеб гуллил цIад
Кин баркилеб бергьенлъи, балагьалъукь халкъги тун.

Хваги-агиян гьарун нужеде хьанделаро
РикIкIада вацасдаса мадугьал лъикIин буго,
ЛъикI ургъун пикру гьабе, кире нуж унел ругел
Кумек Америкаялъ сундухъ гьабулеб бугеб?

**ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ**

Сахлъи

## Дарабаз батIияб асар гьаби

Америкаялда гIалимзабаз хIасилал гьаруна больница базда ахирияб заманалда



гIемерал хвелал ккеялъе бугеб гIиллаялъул. Гьелъие бихьизабуна анцIго аслияб рахъал. РекIел батIи-батIиял, ракалъул, инсульталъул унтабаздаса хадуб цIикIкIараб хIинкъи буго дарабаз побочнияб асар гьабиялъул. Гьединго хIинкъи буго гьуърулъ хIунсиялъул, диабеталъул, талихI къварал ишаздаса хадуб ва СПИДалъулцин.

Дагьабги цIикIкIараб хIинкъи буго цунлърузде данде дараби гьарун хадуб, аллергиялде данде дару гьабиялъул. Гьединал унтаби ругони антибиотиказ рачине бегьула рекIел ритм хвезабиялде, гьелъ хвалдецин цIазе бегьула. Дарабаз бакъвазабизе бегьула би, ккезабизе бегьула жанисеб би бачIин. Мекъаб дару гьабуни хвезаризе рес буго унтараб бакI гуребги цогидал органал ва тканалги.

## Огь, пайда гьечIеб дунял!

ГIажаибаб жойин
Гьаб дунял бугеб,
Бихьизе Аллагьас
Нилъехъе кьураб.
БетIер тIаде борхун
Балагьилалде
Ун ратула санал
Хехаб гIор гIадин.
Дир гьаб гIумроялъул
Авалалдаго
ВатIан цIунун рагъда
Къанщана эмен.
ЩвечIо инсул хинлъи
ГIолил гIужалда,
ЗахIматаб букIана
БахIараб заман.
Чанго соналъ цIехон
Батун букIинчIеб,
Батана инсул хоб
Араб соналда
ГIумроялъго цадахъ
ВукIанин ккана
ГIолохъанго хварав
Гьайбатав эмен.
РитIухълъи дагьлъараб
ТIекълъи гIемераб
Щибго пайда гьечIеб
«Гьайбатаб» дунял…
«Целина»-борхизе
ГIахьаллъулаго
Щвараб ругъуналъ дир
Квер гIайиблъана.
КIиго нухалъ рокъор
Жанирги кIанцIун,
Бикьана цIогьаца
Сахабщинаб жо.
Мажгиталда бараб
Курткаялъуса
ГIарац, паспорт ана
БетIерчIахъаяз.
Нухда сапаралда
КIиго нухалда
Автоавариялъ
ЧучIун рехана.
ГьитIинаб мехалъго
Пашманлъарав дун
Пашманлъизавуна
Херлъараб гIужалъ.
Дун гьаб гIумроялъул
РагIалде щведал
ГIолохъанай дир яс
Ана дунял тун…
«Гьабизе лъаразе
Квас»,-ян абулеб,
«Кваназе лъаразе
Нах»,-ян абулеб
ХIилла гьабун щвараб
ХIарамаб боцIи
Чохьонибе тIолез
ТIутIулеб дунял.
БитIараб нухдасан
Гали тIамулев
«ТIуварав» гьечIилан
ТIад релъанхъулеб.
Босулел гIемерал
Кьолел дагьлъараб
ЦIогьаца квелъги бан
Квегъулеб дунял.
Нахъасан гIатIидаб
МугъчIвай бугеца
Бигьаго бачунеб
ЧамгIалаб дунял.
Чиякъав чиясул
РакI боххулареб
Мекълъиялъ къосараб
Къваридаб дунял.
ГIаламалда жаниб
Ращалъи гьечIеб
Гьерсазул гьураца
Чарлъараб дунял.
Бечелъун гогьлъарал
КIихIатIил хъурмаз
Хъас-хъасун рехараб
Гъаримаб дунял.
Рагъаз ругънал лъураб
РахIат бихьичIеб,
Жеги биял тIезе
ТIеркIолеб дунял.
Рекъел щулалъизе
Инкарги гьабун
Цоцазде улкаби
ХIапдолеб дунял.
ТIолабго ракьалда
Кверщел гьабизе
Гьенкьолезул дагIба
ЛъугIичIеб дунял.
ХIиллаби гIемерлъун
Макраби бергьун
Метер букIинесеб
Лъалареб дунял!

**ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 17.06.20 г. 15.10
фактически -16:20 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.